Дызыщымыгъуэзэ щІэинхэр

2 -нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.



Пэрытхэр студентхэм яхохъуэ

4-нэ нап.

Нартыху бзийм и щэхухэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№6 (24.912) ● 2026 гъэм щІышылэм (январым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущlапlэм къызэритамкІэ

Лъэпкъ пэхуэщІэхэм зэрехъулІэр

Лъэпкъ пэхуэщІэхэм (проектхэм) къыщыгъэлъэгъуахэм 2025 гъэм зэрехъулІам тепсэлъыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алийрэ. А проектхэм сом меларди 10,8-рэ хухахауэ щытащ.

АПХУЭДЭУИ къулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ дызыхыхьа илъэсым лъэпкъ проектхэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм республикэр зэрыхэтыну щІыкІэми.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым а мурадхэм хухихыну, зэи къэмыхъуауэ, къэрал бюджетым щыщу сом мелард 11,5-рэ къыхуаутІыпщынущ. КъимыдэкІэ, иджыри сом меларди 3,3-рэ республикэ бюджетым щыщу абы тедгъэкІуэдэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтынущ щІыналъэ проект 42-рэ гъэзэщІэным», - щитхащ республикэм и Іэтащхьэм MAX-м щиІэ напэкІуэцІым.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, лэжьыгъэшхуэ къапэщытщ социальнэ Іуэхущlапlэхэр ухуэнымрэ къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкІэ. А быхэм яхэтщ щэнхабзэм епхахэр, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІухэм щадэлажьэхэр, курыт еджапІэхэр, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и объектхэр, жылагъуэ щІыпІэхэр зэІузэпэщ щІыныр, гъуэгухэр зэгъэпэщыжынымрэ цІыхухэр къызэрырашэкІ транспорт къэщэхунымрэ.

ЛІэужь А. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Промышленностым зегъэужьыным щиІэ фІыщІэхэм икІи и ІэнатІэм къыщихьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **ЛІэужь Ахьмэд Адэлбий и къуэм** - «Налмэс Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ Тэрч завод» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІУЭКІУЭ Казбек**

Налшык къалэ,
2026 гъэм щІышылэм и 15-м
№2-УГ

Щокъал Ф. И. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Промышленносым зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Щокъал ФатІимэ Исуф и пхъум** - «Налмэс Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ Тэрч завод» акционер зэгухьэныгъэм ІэнатІэр лэжьыгъэм хуэгъэхьэзырынымкІэ и къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІУЭКІУЭ Казбек**

Налшык къалэ,
2026 гъэм щІышылэм и 19-м
№6-УГ

ЗэрадэІэпыкъу Іэмалхэм хохъуэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ІущІащ республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ и министр Тогузаев ТІэхьир. Ахэр тепсэлъыхьащ мы илъэсым къапэщыт къалэнхэм.

МИНИСТРЫМ къызэрыхигъэщащи, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ республикэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр щыІэщ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ мэхъу - щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу ІэнатІэншэу ятхахэм я бжыгъэр 1987-рэ мэхъу. ЩІыналъэм лэжьэфыну исхэм елъытауэ ІэнатІэншэу ятхахэр процент 0,4-рэ хъууэ аращ, илъэс кІуам и пэщІэдзэм ахэр процент 0,5-рэ хъурт. ЛэжьакІуэ къэзылъыхъуэхэм цІыхухэм хуагъэлъагъуэ ІэнатІэ мини 7 хуэдиз.

ЦІыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэным хуощхьэпэ социальнэ ахъшэу иратыр нэхъыбэ зэрыхъури. Илъэс кІуам апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ яІэрыхьащ хуэмыщІауэ псэу цІыху 1127-м. Социальнэ зэгурыІуэныгъэу зэращІылІащ 570-м щІигъу, псори зэхэту сом мелуан 98-м щІигъу хуэзэу. Социальнэ зэгурыІуэныгъэхэм я фІыгъэкІэ езым я Іуэху къызэІуахыжащ унагъуэ 279-м.

Апхуэдэуи, дзэ Іуэху хэхам къигъэув къалэнхэр зыгъэзащІэхэм хуагъэува ахъшэ псори иратащ. Іэтащхьэм министрым пщэрылъ щищІащ абыхэм загъэхъужыным, загъэпсэхуным хуэгъэза лэжьыгъэхэр нэхъ щІагъэхуэбжьэну.

Унагъуэхэм яхуэфащэ гулъытэ хуэщІыным теухуа лэжьыгъэхэми зэрыпащэм къыщытеувыІащ зэІущІэм. Унагъуэ мин 13,3-м я сабий мин 18,1-м хуагъэува ахъшэхэр ират, ар сом мелуан 203-м щІегъу. Ещанэ, къыкІэлъыкІуэ сабийхэр зыхэхъуа унагъуэ 730-м абы папщІи ахъшэхэр иратащ - псоми зэхуэту сом мелуан 87-рэ. Етхуанэ, къыкІэлъыкІуэ сабийхэр къызэрыхъуа бынунагъуэшхуэхэр хуитщ анэм щІыналъэм щыхуагъэува мылъкур е зэ тыгъуэу дэІэпыкъуныгъэ къыІахыну. Сертификатхэр бынунагъуэшхуэ 232-м иратакІэщ, хэхауэ ядэІэпыкъуащ унагъуи 149-м - псоми зэхэту сом мелуан 61-рэ иратащ.

Къалэн псори, абыхэм щІыналъэм и пщэ къыдэхуэхэри яхэту, зыхуэфащэ нэгъуэщІ цІыхухэми хуащІащ. ДэІэпыкъуэгъу мэхъу социальнэ ІуэхущІапІэхэри. ЦІыхур узыншэу илъэс куэдкІэ псэуным, сымаджэхэм якІэлъыплъыным хуэгъэпса программэхэри ягъэзащІэ.

ЗэІущІэм щхьэхуэу къыщытеувыІащ сабийхэр узыншэным хуэгъэза Іуэхухэр зэфІэгъэкІынми. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ а Іуэхум республикэ бюджетым сом мелуан 79-м нэблагъэ зэрыщыхухахар. «Пщэрылъ яхуэсщІащ сабийхэр ерыскъыкІэ къызэгъэпэщынымрэ я шынагъуэншагъэм хуэсакъынымрэ набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъыну. Ди мурадщ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кърихубыдэу санаторэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ ІуэхущІапІэхэмрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сабий 6500-м зыщедгъэгъэпсэхуну», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Ди къуэш республикэхэм

Анэм и фэеплъ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Анэм и фэеплъым и проектыр къыхэхыным теухуауэ Черкесск щекІуэкІа бжыгъэ ІэІэтым кърикІуар къалэм и Іэтащхьэ Баскаев Алексей и Телеграм-каналым къыщигъэлъэгъуащ.**

ІУЭХУР къыхилъхьащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, эфир занщІэкІэ цІыхухэм я упщІэхэм жэуап щритым апхуэдэ жэрдэмкІэ быныбэ анэхэм ящыщ зым къыхилъхьа нэужь. Республикэм щыпсэухэм хуагъэлъэгъуат проекти 8-м ящыщу зы къыхахыну. Нэхъыбэм Іэ зыхуаІэтар текІуауэ къалъытэри, ар къыхахащ.

Фэеплъыр щагъэувыну щІыпІэри яубзыхуащ. Баскаевым къызэритамкІэ, ІэщІагъэлІхэр яужь ихьэнущ жылагъуэм къыдаІыгъа проектыр пхыгъэкІыным.

Монументыр гъэхьэзырным икІи гъэувыным ехьэлІа лэжьыгъэ псори мы илъэсым и кІэм зэфІагъэкІынущ. Анэм и фэеплъыр щащІынущ Черкесск и паркхэм языым.

Псков зыщаплъыхьащ

АБХЪАЗ. **«Путешествие сквозь века в Россию» егъэджэныгъэ программэм кърихубыдэу республикэм щыщ школакІуэ 20 зыхэт гупыр щыІащ Псков областым и щІалэгъуалэ утыку нэхъыщхьэхэм.**

АБЫХЭМ щыгъуазэ защІащ Псков дэт ЩІалэгъуалэ унэм и лэжьыгъэм, къащІащ я проектхэр пхагъэкІынымкІэ центрыр зэрадэІэпыкъур, адэкІи заужьынымкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр кърат ащ.

«Добро.рф» ресурс центрым абыхэм къыщыжраІащ волонтерствэм, Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо клубым я Іэмалхэр. Ахэр дихьэхат «Жэрдэм гъэщІэгъуэнхэм я еджапІэ» жыхуиІэм икІи ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ 3D-моделирование, звукорежиссурэ, дизайным, медиа унэтІыныгъэхэм.

- Псков областым щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министр Яковлев Дмитрийй зэрыжиІащи, апхуэдэ зэпыщІэныгъэм къызэщІеубыдэ тхыдэ къулеймрэ щІалэгъуалэм я Іэмал пэрытхэмрэ,

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЩІымахуэр щагъакІуэ

АДЫГЕЙ. **Илъэс пщІы бжыгъэ хъуауэ Адыгей къэрал университетым и корпус нэхъыщхьэм и пщІантІэм щопсэу мэзжьындухэр.**

БЗУХЭР а щІыпІэм къолъатэ щІымахуэр щрахынуи, пхъэхуейхэмрэ псей къудамэ Іувхэмрэ щотІысэх.

- Мы гъэм ахэр аргуэру мыбы щыІэщ, уэсыр зытелъ псей къудамэхэм тыншу зытрагъэзэгъащ, щІэныгъэхэм я хъумакІуэ Іущхэм хуэдэу, - щыжаІэ университетым.

Мэкъумэш ІэщІагъэхэм хуагъэхьэзыр

● Егъэджэныгъэ

Курыт школхэм щеджэхэр къапэщылъ балигъ гъащІэм хуэгъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Мэкъумэш ІэнатІэм епха ІэщІагъэхэм иужьрей лъэхъэнэм щІэупщІэшхуэ яІэ зэрыхъуар къэплъытэмэ, а Іуэхум къэралыр зэрытелэжьэн хуейр гурыІуэгъуэ мэхъу. Абы къыхэкІыу класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэми нэхъыщІэхэми егъэгъуэтыпхъэщ абыхэми, дунейм щызекІуэ нэгъуэщІ ІэщІагъэхэми ятеухуа пэщІэдзэ щІэныгъэ. Апхуэдэу Іуэхур зэтеубла хъумэ, курыт школыр къауха нэужь, лэжьыгъэ яхуэхъунур нэхъ тыншу къыхахыфынущ балигъ гъащІэм хэувэ ныбжьыщІэхэм.

А ІУЭХУГЪУЭМ хуэгъэпсауэ ди къэралым щолажьэ программэ щхьэхуэхэр, ІэщІагъэхэм ныбжьыщІэхэр щыгъэгъуэзэным и мыхьэнэр, купщІэр, зэман гъунэгъуми къэкІуэну жыжьэми ятеухуа къалэнхэмрэ мурадхэмрэ щызэпкърыхауэ. ІэщІагъэхэр зэгъэцІыхуным, ахэр къыхэхынымкІэ сэбэп хъуным хуэщІа апхуэдэ къэрал дэфтэрхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ ди республикэм и курыт школхэми. Абыхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ Красноармейское, Куба, Май жылэхэм щылажьэ курыт школхэм мэкъумэш-технологие классхэр къызэрыщызэІуахар. А еджапІэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэм я лъабжьэщ «Мэкъумэш ІэнатІэм и ІэщІагъэлІхэр» федеральнэ проектымрэ «Ерыскъыпхъэ шынагъуэншэхэр къыщІэгъэкІын лъэпкъ пэхуэщІэмрэ. Мурад нэхъыщхьэу яІэри щІалэгъуалэр мэкъумэш ІэщІагъэхэм дегъэхьэхыным епхащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным, мэкъумэш ІэнатІэм ехьэлІа лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ ди республикэм щыгъэзэщІэным иІэ мыхьэнэр гурыІуэгъуэщ, сыту жыпІэмэ, ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэкъумэшым зыщиужьа, зи щІыуэпсри абы хуэщІа, а ІэнатІэм игъащІэ лъандэрэ гулъытэшхуэ щигъуэт щІыналъэщи. Ди пщэдейр зэрыхъунур зэлъыта къытщІэхъуэ щІэблэр абы дихьэхмэ, шэч хэмылъу, ІэнатІэм адэкІи зиужьынущ, иджырей технологие пэрытхэр я жыІэщІэу, ехъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьэу.

Къэрал гулъытэ ялъоІэс а мэкъумэш классхэм щылажьэ ІэщІагъэлІхэми. А гупхэм физикэр, химиер, биологиер, математикэр нэхъ кууэ щезыгъэджхэм я лэжьыгъэр щагъэпсынщІэн, практикэ, лабораторэ лэжьыгъэхэр тэрэзу ирагъэкІуэкІын папщІэ, мылъкукІэ зыщІагъакъуэ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхэкІ апхуэдэ ахъшэират егъэджакІуэ 20-м нэсым. Къинэмыщlауэ, классым щекІуэкІ егъэджэныгъэм ныбжьыщІэхэм щыпащэ апхуэдэ ІэщІагъэлІ хуеину мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм. Абыхэм кІуа нэужь, ныбжьыщІэхэм нэхъри хьэкъ ящохъу а ІэщІагъэхэр ягу зэрырихьыр икІи абыхэм нэхъ кууэ хуеджэну зэрехъуапсэр.

Зи гугъу тщІа лэжьыгъэхэм хуэдэ щрагъэкІуэкІ республикэм и нэгъуэщІ еджапІэхэми. Абыхэм ящІыгъущ экономикэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм мы зэманым ягъуэт зыужьыныгъэм ятеухуа дерс хьэлэмэтхэр, фильм купщІафІэхэр, гъэщІэгъуэнхэр. А псоми ныбжьыщІэхэм ящыщ куэд трегъэгушхуэ ІэщІагъэ къозыт курыт еджапІэхэм (лицейхэм, техникумхэм, училищэхэм) я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ еджапІэхэм зегъэужьыныр ди къэралым гулъытэшхуэ щызыгъуэт унэтІыныгъэхэм ящыщ хъуащ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыІуэгъуэщ: зызыужь экономикэр хуэныкъуэщ техникэ пэрытхэр и лъабжьэу зи Іуэху зехьэкІэхэр къызэгъэпэща ІуэхущІапІэхэм щылэжьэфыну ІэщІагъэлІ еджахэм.

Абы къегъэлъагъуэ къэкІуэнур зейр технологие лъагэкІэ къызэгъэпэща ІэнатІэрауэ зэрыщытыр, курыт щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ къозыт еджапІэхэр ехъулІэныгъэкІэ къэзыух дэтхэнэми, и хэкур, щалъхуа щІыналъэр имыбгынэу, лъэпкъ экономикэм ІэнатІэ зэрыщигъуэтынур. А псоми ятещІыхьащ мы гъэм яублэну я мурад «Мэкъумэшпрофессионалитет» къэрал программэ купщІафІэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

Бжьыхьэсэр щахъумэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и губгъуэхэм иужьрей махуэхэм Іуву къыщытрилъхьа уэсым бжьыхьэсэхэр щІыІэм щихъумэнущ, щыжаІащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм.

АБЫ къыдэкІуэу, Россельхозцентрым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм къита хъыбархэм къызэрыщыхэщымкІэ, бжьыхьэсэхэм я процент 70-р щІым хъарзынэу хиубыдащ икІи я щытыкІэхэм утемыгузэвыхьми хъунущ, процент 30-ми ядэбгъуэн щыІэкъым.

Мыдрейуэ, 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэу къыщрахьэлІэжыну бжьыхьэм хащІэ мэкъумэш къэкІыгъэхэм гектар мин 65-м щІигъу ирагъэубыдащ. Абы щыщу гектар мин 43,6-р гуэдзым, гектар мин 11,3-р хьэм, гектар мини 9,6-р рапсым, гектар мин 0,8-р Іэщым ирагъэшхыну къэкІыгъэ щхъуантІэм хухахащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - абы Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 942-рэ кІэпІейкІэ 35-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 860-рэ кІэпІейкІэ 15-рэ.

Ди индексыр П5894

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа Iуэхухэр щызэкIэлъыгъэкIуэнымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитетыр убзыхуным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм и Президентым «Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Урысей Федерацэм щегъэкIуэкIыным теухуауэ» 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдигъэкIа Указ №962-м къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщын мурадкIэ:

1. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа Iуэхухэр щызэкIэлъыгъэкIуэнымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитет зэхэшэн.

2. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа Iуэхухэр щызэкIэлъыгъэкIуэнымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэу мы унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр къэщтэн.

3. Мы унафэм и 1-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуа къызэгъэпэщакIуэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм ящIыгъуу Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа Iуэхухэр гъэзэщIэнымрэ зэфIигъэкIын хуейщ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ мы унафэм и 3-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуахэм ехьэлIауэ екIуэкIхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм хэIущIыIу ящIыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№247-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкIа Унафэ №247-РГ-мкIэ къищтащ

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа Iуэхухэр щызэкIэлъыгъэкIуэнымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэрызэгурыIуам тету)

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)

Абрэдж А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэ» Союзым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Анаев М. А. - къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Аттаев А. Ж. - «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм и редактор нэхъыщхьэр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Бежан Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Быф А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

Бобылев В. Н. - Урыс чыристан члисэм Налшык округым, Пятигорск, Черкесск къалэхэм щиIэ епархием и благочиннэр (зэрызэгурыIуам тету)

Бозий А. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министрыр

Васильченкэ Д. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Гонтарь О. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэ щIэинхэр къэралым ихъумэнымкIэ и управленэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Дадэ М. А. - «Хэкум и хъумакIуэхэр» дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъынымкIэ Къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Дзэмыхь Къ. ФI. - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым - «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэр (зэрызэгурыIуам тету)

Дэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Жанкишиев Ж. Х. - Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Инжыжокъуэ С. М. - Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

Кожухов К.В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Крючков В. Г. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Кульбаев А. Б. - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

КIурашын А.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрыр (къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарщ)

Литвинов Р. А. - урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Ломов М. С. - Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Лу А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Махонин Д. А. - Тэрч къэзакъыдзэ щIыналъэм и Тэрч-Балъкъ округ къэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и атаманыр (зэрызэгурыIуам тету)

Отаров М. М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Рахаев А. И. - «Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Саенкэ Т. В. - Май муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - «Шэрджэс лъэпкъыр зы хъужынымкIэ, хэхэс адыгэхэм я адэжь хэкум къыхуаIэ пыщIэныгъэм зегъэужьынымкIэ къэрал зэхуаку Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Союзым и президентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Суйдым Б. Хь. - «Урысейпсо къэрал телевизионнэ икIи радионэтынхэр зыгъэхьэзыр компание» федеральнэ къэрал унитар IуэхущIапIэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевизионнэ икIи радионэтынхэр зыгъэхьэзыр компание» къудамэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Текуев А. Хь. - «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблее» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и правленэм хэтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

ЛIыжьыкъуэ Хь. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Хъущт А. А. - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Шабаев Л. М. - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и раввин нэхъыщхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Шыпш А .М. - Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Советым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Щоджэн Ш. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив IэнатIэм и унафэщIыр

● Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр илъэси 100 ирокъу

Дызыщымыгъуэза щIэинхэр

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр къызэрызэIуахрэ мы махуэхэм илъэси 100 ирокъу. Гъуэгуанэ кIыхь, екIу, купщIафIэ къэзыкIуа щIэныгъэ IуэхущIапIэм 1976 - 1997 гъэхэм щылэжьащ адыгэ литературэдж, критик, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хьэщхъуэжь Раисэ Хьалиф и пхъур (1933 - 2009). Институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу, адыгэ литературэмкIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу, абы и унафэщIу щытащ Хьэщхъуэжьыр. ЩIэныгъэ IуэхущIапIэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэми хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм ящыщщар.

ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Раисэ Хьалиф и пхъур 1933 гъэм фокIадэм и 27-м Тэн Iус Ростов къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр Налшык къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджащ ар. Азербайджан къэрал университетым и аспирантурэм щIэсащ, «Русско-кабардинские литературные связи XIX - нач. XX веков» зыфIища и кандидат лэжьыгъэр 1964 гъэм абы щыпхигъэкIащ.

1964 - 1973 гъэхэм Хьэщхъуэжьыр КъБКъУ-м щылэжьащ егъэджакIуэ нэхъыжьу, урыс, хамэ къэралыбзэхэмкIэ кафедрэм и доценту. Болгарием щыщ Шумен къалэм дэт институтым илъэситIкIэ щригъэджащ. А институтыр къызэрызэIуахрэ илъэситху щрикъум Хьэщхъуэжь Раисэ щIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ, а еджапIэр къызэгъэпэщыным жыджэру зэрыхэлэжьыхьар къалъытэри.

1986 гъэм Раисэ утыку кърихьащ «Адыгские просветители второй половины XIX - нач. XX вв.» и къэхутэныгъэ купщIафIэр. А лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ Хьэщхъуэжьым икIи филологие щIэныгъэмкIэ доктор хъуащ.

XIX лIэщIыгъуэм и кIэуххэм - XX и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм къащIэна, лъэпкъ литературэм щыщу тхыдэм хэмыхьа тхыгъэхэр къэхутэным, къэгъэщIэрэщIэжыным, ахэр къыдэгъэкIыным елэжь школ къызэригъэпэщащ абы. 70 гъэхэм я пэщIэдзэм Хьэщхъуэжь Раисэ къыдигъэкIыу щIидзащ «Литературные памятники» сериер. Абы хыхьащ езым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, узэщIакIуэхэм я литературнэ щIэинхэр, абыхэм ятеухуа пэублэ псалъэхэр, тхыгъэ гъэнэхуахэр щIыгъужауэ.

Зи гугъу тщIы Iыхьэм и япэ къыдэкIыгъуэм хигъэхьащ «Кази Атажукин. Избранные труды» (1971; 1991 гъэ) лэжьыгъэр. УзэщIакIуэм и гуащIэр зыубгъуауэ абы щызэпкърихащ, и гъащIэм щыщу нэхъапэм цIыхухэр зыщымыгъуэза напэкIуэцI щхьэхуэхэр къыщихутащ. Лэжьыгъэм къыхощ ХьэтIохъущокъуэ Къазий япэ адыгэ алыфбейр зэрызэхилъхьар, япэ адыгэ тхылъхэр и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар, зэдзэкIакIуэу, публицисту, IуэрыIуатэджу зэрыщытар.

- Ди лъэпкъ узэщIакIуэхэм ятеухуауэ дунейм къытехьа къэхутэныгъэхэр Iыхьитху бгуэш хъунущ: Хьэщхъуэжь Раисэ и лэжьыгъэхэр итхын и пэкIэрэ, ахэр дунейм къытехьа иужькIэ. КъыжыIапхъэщ, Хьэщхъуэжь Раисэ узэщIакIуэхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ иджын и пэ абыхэм ятеухуа лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм къызэрытехьар. Ауэ, узэщIакIуэхэм ятеухуауэ Хьэщхъуэжьым къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIа нэужь, лъэпкъыр зыщымыгъуэза щIэинхэм къагъэзэжащ, - жеIэ еджагъэшхуэ Гъут Iэдэм. - Дауи, апхуэдэ лэжьыгъэхэр нэхъапэми ирагъэкIуэкIащ, ауэ адыгэ узэщIакIуэхэм ящыщу лъэпкъым и цIыхухэр зыщыгъуазэр Нэгумэ Шорэ и тхыгъэ мащIэ дунейм къытехьахэрт. XIX - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адрей узэщIакIуэхэм я тхыгъэхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэххэу щытакъым.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм къызэрилъытэмкIэ, Хьэщхъуэжь Раисэщ 1971гъэм пщы ХьэтIохъущокъуэ Къазий и тхыгъэ къыхэхахэр япэу къыдэзыгъэкIауэ щытар, абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ятеухуа пэублэ тхыгъэ щIыгъуу. Абы иужькIэ Хьэщхъуэжьым Хъан-Джэрий, КIэш Адэл-Джэрий, Ахъмэтыкъуэ Къазий-Бэч, Тамбий Пагуэ, Сихъу Сэфарбий сымэ ятриухуа тхыгъэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. КъищынэмыщIауэ, тхакIуэ-узэщIакIуэ зыбжанэм я тхыгъэ къыхэхахэр зэхуэхьэсауэ къыдигъэкIащ. Абы хигъэхьащ Къаз-Джэрий СултIан, Адэл-Джэрий, Къэшэж ТIалиб, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр. Ахэр лъэпкъ щэнхабзэм и дыщэ фондым хыхьащ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI цIыху щхьэхуэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу. Москва, Ленинград, Тбилиси, нэгъуэщI къалэ зыбжанэм я библиотекэхэмрэ дэфтэр хъумапIэхэмрэ куэдрэ щылэжьащ Хьэщхъуэжь Раисэ, а тхыгъэхэр къыдигъэкIын папщIэ.

КъинэмыщIауэ, нэгъуэщI тхакIуэхэм ейуэ къалъытэ тхыгъэхэр ипэжыпIэкIэ зи Iэдакъэ къыщIэкIахэр къихутащ Хьэщхъуэжьым, псевдоним зезыхьэ тхакIуэхэм я цIэхэр къыщIигъэщащ. Псом хуэмыдэу къыхэгъэщыпхъэщ Ахъмэтыкъуэ-Хьэжылъашэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ къызэрихутар.

ЩIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм ирохьэлIэ Хьэщхъуэжь Раисэ адыгэ тхыдэдж икIи тхакIуэ Хъан-Джэрий и гуащIэм теухуауэ «Хан-Гирей. Избранные произведения» лэжьыгъэр дунейм къыщытехьар. Апхуэдэу адыгэ литературэмрэ журналистикэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа тхакIуэ зэчиифIэ, «Терские ведомости» газетым и япэ редактор КIэш Адэлджэрий и гъащIэрщ Хьэщхъуэжьым «Адыль-Гирей Кешев. Избранные произведения» и тхылъым къыщигъэлъэгъуар. Апхуэдэу «Паго Тамбиев. Избранные труды» тхылъым Раисэ зыубгъуауэ щызэпкърихащ узэщIакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ, Тамбий Пагуэ лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм IуэрыIуатэдж Iэзэу зэрыхэтар, адыгэ азбукэр и Iэдакъэ къыщIэкIауэ зэрыщытар къигъэлъагъуэу. «Деятели адыгской культуры дооктябрьского периода. Избранное» антологием Раисэ хигъэхьащ Хьэжымыкъуэ Темтэч, Щэрдан Батырбэч, Долэт-Джэрий СултIан, нэгъуэщIхэми я гуащIэм щыщу нэхъапэм зыщымыгъуэзауэ къихутахэр, мыхьэнэшхуэ абыхэм зэраIэр къилъытэурэ.

Куэд мэхъу Хьэщхъуэжьым и къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр. «Кази-Бек Ахметуков. Избранные произведения» тхылъыр 1993 гъэм дунейм къытехьа нэужь, тхакIуэм и тхыгъэхэу нэхъапэм тхылъеджэхэм Iэрамыгъэхьахэр хэIущIыIу хъуащ. Хьэщхъуэжьым лэжьыгъэм хуитха пэублэ псалъэм тхакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ гулъытэ щыхуищIащ, и тхыгъэхэри щызэпкърихащ. «Кавказский литературно-исторический Олимп» (КЛИО; Налшык: «Эль-Фа») тхылъ тедзапIэ серием хэту 1997 гъэм къыдэкIа «Сеферби Сиюхов. Избранное» тхылъым абы хигъэхьащ узэщIакIуэм и IэдакъэщIэкIыу нэхъапэIуэкIэ дунейм къытехьахэр, и унагъуэм щахъума Iэрытххэр. Сихъум и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ укIэлъыплъмэ, ар публицист, тхыдэдж, этнограф, IуэрыIуатэдж, литератор Iэзэу зэрыщытар гурыIуэгъуэ мэхъу.

Адыгэ узэщIакIуэхэм ятеухуа и лэжьыгъэхэр къызэщIикъуэжри, иужьрейуэ, 2000 гъэм, къыдигъэкIащ «Поиски и находки» тхылъ хьэлэмэтыр. Адыгэ цIыхубзхэм я гъащIэм, щыIэкIэ-псэукIэм теухуа «Черкешенки в истории» тхылъри Хьэщхъуэжь Раисэ и Iэдакъэм къыщIэкIащ икIи урыс, хамэ къэрал литературэхэм а лэжьыгъэм хуэфащэ увыпIэ щаубыдащ. Псом хуэмыдэу гулъытэ зыхуащIар Париж къыщыхута, франджы литературэм и классик хъуа Аиссе (ХьэIишэт) и гъащIэрщ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ куэд Хьэщхъуэжь Раисэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Адыгэ узэщIакIуэхэм я цIэр, я лэжьыгъэхэр къыдэхыжыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа адыгэ бзылъхугъэм и тхылъхэр лъэпкъ Iуэху зезыхуэхэм ноби ядж. Раисэ зэфIиха лэжьыгъэ купщIафIэхэр гулъытэншэ хъуакъым. 1995 гъэм УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ ар. 1996 гъэм Хьэщхъуэжьым къыфIащащ «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэ гулъытэ лъагэр адыгэ бзылъхугъэм къиихьат бгъэдэлъа щIэныгъэ куумрэ зэхэщIыкI лъагэмкIэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Гулъытэ хэха хуащI

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым дзэ Iуэху хэхам ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэр, ветеранхэр гъащIэ мамырым къыхэшэжыным, СВО-м хэкIуэдахэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хуэди 4-кIэ хигъэхъуащ 2025 гъэм.

ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр дзэ Iуэху хэхам ныкъуэдыкъуагъэ зэхуэмыдэхэр хэзыхахэр гъащIэм тыншу зэрыхэзэгъэжын техникэхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныращ, абыхэм я псэупIэхэм я щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэхэр, дэкIуеипIэхэр, пэш кIуэцIхэр, н. къ. абыхэм я узыншагъэмрэ зэфIэкIымрэ хуэгъэкIуэнырщ, социальнэ Iуэхугъуэхэм къыхэшэнырщ, лэжьыгъэхэмкIэ къызэгъэпэщынырщ.

СВО-м фэбжь хэзыхахэр иджыпсту фондым къызэрегъэпэщ техникэ IэмэпсымэхэмкIэ, жыпIэнурамэ, фIагъ лъагэ зиIэ спорт протезхэмкIэ икIи 2025 гъэм апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм хуэди 4-кIэ хагъэхъуащ.

Мы гъэм щегъэжьауэ ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ ветеранхэр абыхэм хуэщIа щыгъынхэмкIэ къызэрагъэпэщын щIадзэнущ. НобэкIэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм апхуэдэ фэилъхьэгъуэу 6 яритакIэщ зауэлIхэм.

2025 гъэм фондым СВО-м ныкъуэдыкъуагъэ хэзыха ветеранхэм я тыншыпIэр къызэрагъэпэщу, псэупIэу 2500-рэ, унейхэри яхэту, зыхуей хуагъэзащ. КъБР-м и щIыналъэ къудамэм уIэгъэ хьэлъэхэр зыгъуэта, ныкъуэдыкъуагъэ хэзыха ветеран 28-м апхуэдэ гулъытэхэр яхуищIащ нэгъабэ.

Фондым и нэIэ щIэт зэпытщ зи Iэ, зи лъакъуэ зыпымытыжххэм, зи нэр зыфIэкIуэдахэм. Нэгъабэ баш «губзыгъэ» жыхуаIэм хуэдэ зы цIыхум, спорт протезхэр - цIыхуиплIым, лъакъуитIри зыпымытыж зым - апхуэдэхэм хуэщIа автомобиль иратащ.

СВО-м ныкъуэдыкъуагъэ хьэлъэхэр хэзыхахэм абыхэм хуэщIа автомобилхэр ират УФ-м и Президентым и унафэкIэ икIи нобэкIэ ахэр къыщIэзыгъэкIыр «Москвич», «Автодор», «АвтоВАЗ» IуэхущIапIэхэрщ.

2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхугъуэхэм щIэупщIэхэм процент 77-кIэ хэхъуащ. Хьэрычэт щIэн хуэIухуэщIэхэм хыхьын мурад зиIэ ветеранхэм я пэхуэщIэхэр социальнэ контрактхэмкIэ яхуэгъэзэщIэнущ. Фондым и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу цIыху 200-м щIигъум апхуэдэ Iэмалхэр къагъэсэбэпащ иджыпстукIэ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр IэщIагъэлIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ «Работа России» центрым долажьэ. ИлъэситIрэ мазихым къриубыдэу лэжьыгъэ жармыкIэу 40 ирагъэкIуэкIащ икIи абыхэм хэтащ СВО-м и ветерану 300-м щIигъу. НобэкIэ цIыху 400-р лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщащ, 20-м щIигъуи я щIэныгъэм хагъэхъуащ е нэгъуэщI IэщIагъэхэм ахэр хурагъэджэжащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

2025 гъэм «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Тэрч щIыналъэм и автомобиль гъуэгурэ лъэс лъагъуэу псори зэхэту километр 16-м нэблагъэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

АБЫХЭМ хохьэ Дей - Курп Ищхъэрэ автомобиль гъуэгум къыхэкIрэ Курп Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ уахуэзышэ, километри 5-м нэблагъэ зи кIыхьагъ гъуэгур. Лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIахэм хиубыдэу мыбдежым асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тIуащIэу щытралъхьащ, мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкIыжащ, псы жапIэхэр хуащIащ.

Километри 4-м щIигъу зи кIыхьагъ Дей - Акъбащ Ипщэ - Терекскэ автомобиль гъуэгури къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Мыбдежми афсальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тIуащIэу щытралъхьащ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ, абыхэм щхьэкIи пкъоущIэу 119-рэ ягъэуващ, гъуэгу дамыгъэхэри къыщыхагъэщхьэхукIащ.

Гъуэгу шынагъуэншэхэр

ЩIыналъэ гъуэгу фондым къыхэкIа ахъшэкIэ Тэрч къалэм Къэбэрдей, Гоголымрэ Кировымрэ я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Мыбыхэм псоми зэхэту километр 1,6-рэ я кIыхьащ икIи курыт еджапIэмрэ сабий садымрэ ухуашэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Тэрч щIыналъэм и лъэс лъагъуэу зыхуей хуагъэзам псоми зэхэту метр 1700-рэ я кIыхьагъщ.

НАУРЫЗ Мысост.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

2026 гъэм щIыналъэ зыбжанэм я унафэщIхэр, щIыпIэ парламентхэмрэ УФ-м и Къэрал Думэмрэ я депутатхэр хахынущ. Абыхэм папщIэ IэIэтхэр фокIадэм и 20-м екIуэкIынущ.

«МЫ илъэсым лэжьыгъэшхуэ икIи гугъу къытпэщытщ. Хэхыныгъэ зэхуэмыдэу мини 2-м щIигъу къытпэщылъщ, дэтхэнэми езым и щхьэхуэныгъэхэр иIэжу», - жиIащ Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщI Памфиловэ Эллэ.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, мы зэманым къэралым и щIыналъи 7-м и унафэщIхэр зэрыхахынум зыхуагъэхьэзыр. КъищынэмыщIауэ, фокIадэм и 20-м Урысейм и хэгъэгу 39-м и щIыпIэ парламентхэм депутат хэхыныгъэхэр щекIуэкIынущ.

«Нэхъыщхьэращи, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм и депутат хэхыныгъэхэм жыджэру зыхудогъэхьэзыр. А Iуэхум пасэу иужь дихьащ. Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм иужьрей илъэсхэм хабзэ зэрыхуэхъуам тету, хэхыныгъэр зэфIэкIа нэужь, ар зэрекIуэкIар лъэныкъуэ псомкIи зэпкърыдохыж, ди ехъулIэныгъэхэр, гугъуехь дызыIуахэр зэхудогъэкIуэжри, зи чэзу Iуэхум ахэр къызэрыхэтлъытэным зыхудогъэхьэзыр», - жиIащ Памфиловэ Эллэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

Къэзахъстаным и президент Токаев Къасым-Жомарт къыхилъхьащ республикэм и вице-президент къулыкъур ягъэувыну. Абы и къалэнхэр иубзыхунущ къэралым и унафэщIым.

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪАГЪУЭМКIЭ, республикэм и Iэтащхьэм и пщэрылъкIэ, вице-президентым Къэзахъстаным и фейдэ зыхэлъ Iуэхухэр утыку къыщрихьэнущ дунейпсо форумхэм, хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэм зэпсэлъыныгъэхэр ядригъэкIуэкIынущ, парламентым дэлэжьэнущ, жылагъуэ-политикэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ-узэщIыныгъэ IуэхущIапIэхэм жыджэру япыщIауэ щытынущ, апхуэдэуи къэралым и президентым къалэн къыщищI нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри игъэзэщIынущ.

Апхуэдэу Токаевым къигъэлъэгъуащ парламентым и лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэ зыбжанэ ягъэмэщIэну, къэрал чэнджэщэгъу къулыкъури Iуахыжну.

ЩIышылэм и 22,
махуэку

♦**УФ-м и ПВО-м и кхъухьлъатэдзэхэм я махуэщ**

♦**Нартыху гъэпIэнкIам и махуэщ**

♦**1517 гъэм** мысыр шэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжыжьэу зэзэуэн щыщIадзащ.

♦**1943 гъэм** Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и щIыналъэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщIу щыта, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **УнащIэ Розэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 2, жэщым щIыIэр градуси 5 - 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

ЩIышылэм и 23,
мэрем

♦**IэкIэ тхэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **МафIэдз Сэрэбий**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ ДАХ-м и вице-президент, КъБР-м лъэпкъыбзэхэм зегъэужьынымкIэ и лабораторэм и унафэщI **Щоджэн Iэминат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Улажьэмэ, Iыхьэншэ ухъункъым.

Ди тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр

● Зэпеуэхэр

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэм иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт зи гъусэ зэхыхьэ купщIафIэ. Абы къыщапщытэжащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - сурэтхэмкIэ» республикэпсо зэпеуэм кърикIуахэр, зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщалъыта лэжьыгъэхэри и утыку ирахьащ. Iуэхур ирагъэхьэлIащ Урысей географие зэгухьэныгъэр (РГО) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 180-рэ щрикъумрэ абы и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ илъэс 45-рэ щыхъумрэ.

РГО-м и республикэ къудамэм и унафэщI Къэрэшей Аксанэ зэрыжиIамкIэ, а махуэщIхэр гъэлъэпIэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэм ящыщу къызэрагъэпэща сурэт зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щалъхуа щIыналъэм и тхыдэ купщIафIэр, щIыуэпс телъыджэр, щэнхабзэ къулейр джыным дегъэхьэхынырщ. Пэжу, сурэттехыр зыIэщIэлъа ныбжьыщIэхэм яхуэзэфIэкIащ куэдым гу зылъамытэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэм, щIыуэпс къэхъукъащIэхэм, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу мымащIэ сурэтым кърагъэщын.

Апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлэмэту 300-м щIигъу зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым я пащхьэ ирахьащ ди республикэм и курыт школхэм и 1-11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм. Сурэтхэм хэплъа эксперт Iэзэхэм сурэтхэр гупищу ягуэшащ, тезыхахэм я ныбжьым елъытауэ: 1-4-нэ классхэм щIэсхэм я лэжьыгъэхэр, 5-8-нэхэм кIуэхэм яйхэр, 9-11-нэ классхэм щеджэхэм трахахэр. КъинэмыщIауэ, лэжьыгъэхэр унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу зэщхьэщахащ: «Ижь зэманым и фэеплъхэр», «Кавказ бгы лъагэхэм я щыгум», «ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр», «Лъэпкъ-щэнхабзэ щIэиныр», «ЩIыналъэм и иджырей теплъэр», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэущхьэхэр», «ФIыуэ тлъагъу щIыналъэм и цIыхухэр», «Республикэм и географиер».

А псори къалъытэу къэпщытакIуэ гупыр набдзэгубдзаплъэу хэплъащ зэпеуэм и утыку ирахьа лэжьыгъэ псоми икIи фIым я фIыжхэр къыхагъэбелджылыкIащ. Абы щытекIуахэр ягъэпэжащ зэпеуэм и щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ. Iуэхум жыджэру хэта ныбжьыщIэ псоми абы щыхьэт техъуэ сертификатхэр иратащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

ЦIыхур къыздэбжэ къэхъукъащIэ инхэр

Илъэс меларди 4,54-рэ ирокъу ЩIыр. Дауэ къащIа ар жыпIэмэ, щIымрэ мазэмрэ къыщагъуэта, мывэ нэхъ жьы дыдэу къалъытэхэр яджа нэужь, хуэкIуащ а бжыгъэм. Къыхэгъэщыпхъэщ 1956 гъэ лъандэрэ сыт хуэдиз къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIами, щIэныгъэлIхэр а бжыгъэм зэрытетыр.

АР гурыIуэгъуэщ, ауэ цIыхум сыт къригъэкIыр ди лъэхъэнэм ипэкIэ (до нашей эры) е ди лъэхъэнэм (нашей эры) жиIэу, зэманыр къыщибжым деж? Сытым къыхэкIыу цIыхум зэхигъэщхьэхукIрэ къызэпича гъуэгуанэр, сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

Япэ дищу къыхэдгъэщынщ лъэпкъ, къэралыгъуэ къэс езым и зэман къэбжыкIэ зэриIэжыр. Псалъэм папщIэ, урымхэм я зэманыр къызэралъытэу щытар Рим къалэр къыщыунэхуам щыщIэдзауэщ - ар ди лъэхъэнэм ипэкIэ 753 гъэращ.

Мысырым нэгъуэщI Iэмалт къызэрабжыр - зы лIакъуэм и пащтыхьыгъуэр и кIэм нэсу, нэгъуэщI лIакъуэм щыщ къытехьамэ, зэманыр щIэрыщIэу къыщIадзэжурэ къабжырт.

Иджыпсту дунейм щытепщэр ислъам динымрэ чыристанымрэщи, абыхэм я къэбжыкIэращ нэхъ тцIыхур. Псалъэм и хьэтыркIэ, ислъам диным зэманыр къызэрибжыр Мухьэмэд бегъымбарым епхащ - 622 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м Мухьэмэд бегъымбарым япэ муслъымэнхэр щIыгъуу Меккэм къикIыу, Мединэм щыIэпхъуа махуэм.

Юлиан (григориан) махуэгъэпсымкIэ ди лъэхъэнэм пэщIэдзэ хуэхъуар Хьисэ бегъымбарыр къыщалъхуаращ - илъэс 2026-рэ ипэкIэ. Дуней псор нобэ зытетри аращ.

Илъэсыр нобэ зэрытцIыхум хуэдэу, мазэ 12-у зэхэлъу, мазэр тхьэмахуиплIу, тхьэмахуэр махуиблу, махуэхэми я цIэ яIэжу зыгъэувар урым пащтыхь Гай Юлий Цезарщ. Пащтыхьым къыхилъхьа махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ игъуэтауэ, астрономие и лъэныкъуэкIэ пэжу къабжа илъэс гъэпсыкIэм 1582 гъэм Iэ тридзауэ щытащ Урым Папэ Григорий ЕпщыкIутIанэм. Аращ махуэгъэпсым юлиан/григориан щIыфIащари.

Абыхэм нэмыщI иджыри щыIэщ махуэгъэпс зыбжанэ: вавилон, вьетнам, журт, иран, майе, тибет, шумер, япон махуэгъэпс, нэгъуэщIхэри.

Ди лъэхъэнэм ипэкIэ илъэс дапщэм деж къебжыхын щыщIидзар цIыхум жыпIэмэ, абыи жэуап иIэщ. «Доисторическая эпоха» (ди лъэхъэнэм и пэр) фIащауэ тхыдэм хэтщ зэман пычыгъуэ - цIыхур цIыху сэфэтым иту дунейм къыщытехьа зэманым къыщыщIэдзауэ, тхэуэ, сурэт ищIу щиубла зэманым нэс къыбжу. А зэманым къриубыдэу цIыхум зригъэсащ Iэщэ ищIу, щакIуэу, илъагъу псори сурэту мывэм, бгъуэнщIагъ блынхэм тридзэу. ЗэрытщIэщи, цIыхур дунейм и гъунапкъэ псоми зэхуэдэу тегуэшауэ, зы зэманым щыпсэуакъым, атIэ языныкъуэ щIыпIэхэм нэхъ гувауэ Iэпхъуащ. Аращ къызыхэкIар щIыпIэ-щIыпIэкIэ къыщагъуэт Iэщэхэм, тхыгъэхэм, Iэмэпсымэхэм я ныбжьыр зэрызэхуэмыдэр, аращ къызыхэкIари лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я зэманым къызэрабжри зэрызэтемыхуэр.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм («доисторическая эпоха») зэманыр къызэрибжымкIэ, япэ дыдэу дунейм цIыху - Iэдэм - къыщытехьар ди лъэхьэнэм ипэкIэ илъэс 5539-кIэ узэIэбэкIыжмэщ. Юлиан махуэгъэпсымкIэ къыубжмэ (2026+5539) - илъэс 7565-рэ ипэкIэ. АпхуэдизкIэ зоIэбэкIыж нобэрей цIыхур зэманыр къыщибжкIэ.

Мы къэбжыкIэм теухуауэ зэгурымыIуэныгъэ куэд щыIэщ, ар мыпэжу къэзылъытэхэри мащIэкъым. А зэман жыжьэм (ди лъэхъэнэм ипэкIэ илъэс мини 7 - 4-хэм) щыIар неолит жыхуаIэ лъэхъэнэращ - цIыхухэр щакIуэу, щIым телажьэу, Iэщ зэрахуэу зыщрагъэса зэманыр. А зэманращ япэ дыдэ хьэкъуэщыкъухэри, щэкIри, мывэм къыхэщIыкIа Iэщэхэри дунейм къыщытехьар. УкъеIэбыхмэ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ илъэс мини 4-1-хэм цIыхум домбеякъым ирилажьэу зригъэсати, абы «домбеякъ лъэхъэнэкIэ» еджэ хъуащ. ИужьыIуэкIэ абы «гъущI лъэхъэнэр» къыкIэлъыкIуащ. Абы ирихьэлIэу Мысырым япэ лIакъуэмрэ етIуанэмрэ ящыщ фырхьэунхэм я щIыр зэхагъэхьэжри, къэралыгъуэ къагъэунэхуауэ зэрахьэрт, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2850 - 2450 гъэхэм шумерхэм я экономикэм и зыIэтыгъуэт, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2800 - 1100 гъэхэм пасэрей Алыджым и щэнхабзэм и щIэрэщIэгъуэт, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1190-м гъэм зэгуэр пащтыхьыгъуэ абрагъуэу щыта Хьэт къэралыгъуэр щэщэжагъэхэхт, Вавилоным и къару илъыгъуэу, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1126 - 1105 гъэхэм Навуходоносор и пащтыхьыгъуэр «уей-уей» жригъэIэу зрихьащ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 331 гъэм Кавказым къыщыунэхуащ япэ дыдэ къэралыгъуэр, 327 гъэм Македонский Александр Индием езауэрт.

ЗэрытлъагъущИ, илъэс мини 7-м кърихубыдэу цIыхум къыгурыIуащ дунейм псэущхьэу тетым нэхърэ зэрынэхъыщхьэр, абы и закъуэ - адрей планетэхэмрэ вагъуэ жыжьэхэмрэ зэрынэсын Iэмалхэр къигупсысащ. ЖыпIэнуракъэ, зиужьащ. Языныкъуэхэм къащохъу цIыхум апхуэдизу зиужьыным зэман нэхъыбэ текIуэдауэ, языныкъуэ щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, илъэс мини 7-р куэд дыдэщ. Хэт ищIэрэ, къыдгурымыIуэ гуэрхэри хэлъынкIи хъунущ...

Трамп и закъуэ Гренландием хуейр?

США-м и Унэ хужьым и Iэтащхьэр иувыкIащ Гренландие хытIыгур къаIэщIимыхыну Iэмал имыIэу. Абы и Iэбжьанипщ Iыр хиукIэмэ, Арктикэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуну гурыщхъуэ зыхуищIхэм пэлъэщыну къыщохъу Трамп Дональд. А Iуэхугъуэм елIэлIэху, США-м и унафэщIыр Украинэм къыщекIуэкIым теплъэкъукIынкIэ мэшынэ Европэр. Сыту жыпIэмэ, зэщIыгъуу зэхагъэзэрыхьа Iуэхур Европэм и закъуэ зэхигъэкIыжын хуей хъунущ итIанэ.

СЫТУ ищIыну Трамп Гренландиер? Сытым и чэзууэ кърихьэжьа а Iуэхур?

Езым зэрыжиIэмкIэ, мы хытIыгур США-м и унафэм щIигъэувэмэ, Арктикэр зэхуэзыгуэша Урысеймрэ Китаймрэ пэщIэувэу, езыми и Iыхьэ къыхихыну нэхъ тынш хъунущ. Ар къехъулIэмэ, ракетэм зэрыпэщIэт «Золотой купол» зыхъумэжыныгъэ базэр Трамп хуиту щиухуэфынущ ищхъэрэ щIыналъэм. КъиущынэмыщIауэ, абы къыщыщIах щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм елэжьын щIадзэмэ, КъухьэпIэм и экономикэр фIыуэ къыдрищIеинкIэ мэгугъэ. ИкIи а хъуэпсапIэм апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщи, Даниер бий ищIынкIэ шынэркъым США-м и президентыр.

АрщхьэкIэ, Европэри США-м и партитIым хэтхэри арэзыкъым а Iуэху еплъыкIэмкIэ: Трамп Гренландиер къыщIихьэхунум и щхьэусыгъуэу жиIар пхузэфIэхынущ хытIыгур къимыщтэми. Абы америкэ базэ щыIэххэщ куэд щIауэ, Даниери къемыпсэлъэну, къыдэмылэжьэну жиIэркъым.

«Дунейм къыщекIуэкI, гулъытэ нэхъыбэрэ хэкIыпIэ гуэррэ нэхъ хуэныкъуэ Iуэхугъуэм ди щIыб хуэдгъэзэу, Гренландием дзэр дутIыпщын хуейуэ аращ абы къикIыр. Ар тэмэм?!», - жаIэ европей къулыкъущIэхэм. Абыхэм яхузэхуэгъэхъуркъым Урысеймрэ Украинэмрэ я Iуэху зэхэмыкIам теплъэкъукIауэ, Трамп дзыхьщIыгъуэджэ гуэрым зэрызрипщытыр.

Геополитикэм зэрызридзэкIам гу лъитэри, тхьэусыхэну хунэсащ Франджым и президент Макрон Эммануэль. Абы Трампыр игъэкъуэншащ демократием щIэбэн Европэм и щIыбагъ къызэрыхуигъэзамкIэ. «Къэрал лъэщыжьхэм дунеижьыр тIу иращIыкIыу зэхуагуэшыжыну щаубзыху лъэхъэнэщ дыщыпсэур», - къыжьэдэхуащ абы.

«Украинэм дыдэвгъэIэпыкъу жиIэри, Трамп Европэр дыкъыхуриджащ. Мылъкуу диIэр хыдигъалъхьэри, езым лъэныкъуэ зригъэзыжащ. Иджы Гренландием и Iуэхум дунейпсо псалъэмакъ къикIрэ, дызэбгрыжыжмэ, мы къетхьэжьар ди закъуэу нэдгъэсыжын хуей хъунущ», - къыщапсэлъ Европэм.

Арами, Европей Советым дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Шапиро Джереми зэрыжиIэмкIэ, Трамп хытIыгум зэребгъэрыкIуэр Урысейми, Украинэми, Китайми зыкIи епхакъым. Уеблэмэ езы Гренландиеми зыкIи хуейкъым ар. «Ар Трамп и къарур, и зэфIэкIхэр зэригъэлъагъуэ Iэмалу аркъудейщ. Абы фIэфIщ псом нэхърэ нэхъ лъэщу зигъэлъэгъуэну. ЦIыхум ди зэхэтыкIэмрэ гупсысэкIэмрэ апхуэдэщи, щIы нэхъыбэ, мылъку нэхъыбэ зыкъуэлъырщ псом нэхърэ нэхъ лъэщыр. Арацщи, США-м и щIым къыхигъахъуэ мыхъумэ, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ лей фымылъыхъуэ», - жиIащ абы.

Аляскэм и сенатор Мурковски Лизэ арэзы тохъуэ Шапиро и псалъэхэм. «КъызэрыгуэкI американхэм зыуи ящIынукъым а хытIыгур. ПартитIми хэтхэр тхузэфIэкI къэдмыгъанэу дыпэщIэтынущ а Iуэхугъуэм. Дэ дыхуейкъым Гренландиер къыдгуагъэхьэну», - игъэбелджылащ абы.

● Дэ къытхуатх

Чэрим удэлэжьэну гурыфIыгъуэшхуэт

УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, ПЩЫБИЙ СулътIан и гукъэкIыжхэм ящыщщ мы тхыгъэр. Ар Къудей Чэрим зэрыдэлэжьа илъэситIым лIыгъэрэ жыджэрагъыу дилъэгъуам и хъыбар фи пащхьэ идолъхьэ.

КЪУДЕЙ Чэрим хуэдэ цIыху телъыджэхэр мащIэщ. Абы къыхэкIыу, ар зэрысцIыхуар, сызэрыдэлэжьа къудейр гукъинэ сщыхъуащи, сывдэгуэшэну си гуапэт.

Абы щыгъуэ сыщIалэ дыдэт. ШхапIэхэм пыщIат си лэжьыгъэр, къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр згъэзащIэу. Си Iуэхум фIыуэ сыщыгъуазэти, унафэщI къулыкъу къызэрыкъуэкIыу, абы сытрагъэувэн хуейуэ щытт.

Чэрим а лъэхъэнэм и унафэщIт фэ Iэрыщiым елэжьу Налшык къалэм щыIэ комбинатым. ДыщызэрыцIыхуари аращ - 1968 гъэм жэпуэгъуэ мазэм сэ сагъэуващ а комбинатым и 16-нэ шхапIэм и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ згъэзэщIэну.

Къудейр унафэщI Iэзэт, комбинатым къудамэу къепхам я лэжьыгъэр и нэIэ щIэтт. Сигу къинэжащ комбинатым и лэжьакIуэхэм я зэхуэсым Чэрим утыку сыкъришэу гупым сакъригъэцIыхуауэ зэрыщытар. ЛэжьакIуэхэр а зэIущIэм къыщыпсэлъат ирагъэшх ерыскъымрэ пщэфIапIэм щIэтхэм я щытыкIэмрэ ягу иримыхьу. Комбинатыр абы щыгъуэ сменищу лажьэрт, лэжьакIуэхэм я нэхъыбэр къуажэ пхыдзахэм къикIырт. Арами, етIуанэ, ещанэ сменэу лажьэхэр щамыгъашхэр нэхъыбэт. Псоми я гукъеуэр къаIуэта нэужь, Чэрим утыкум къиуващ: «ГурыIуэгъуэщ. ЖыфIа псори пщэфIапIэм и унафэщIу къытхуагъэкIуам зэхихащ. Ауэ, Iэжьэкъур ивмыч. Мыр къытхыхьагъащIэщ, псори кIуэрыкIуэм те-ту хузэфIэмыхынри хэлъщ. Зэман едвгъэт, дэри зэрытхузэфIэкIкIэ зыщIэдгъэкъуэнщ. Быдэу си фIэщ мэхъу ди Iуэхур екIуу зэрызэтриублэфынур», - жиIащ абы.

Абдеж щыщIэздзэри, пщэфIапIэм щIэтхэм я зыхуэпэкIэмрэ теплъэмрэ къыщыщIэдзауэ шхыным и IэфIагъым деж щиухыжу псоми сазэрыкIэлъыплъыным иужь ситащ. Пщэдджыжь къэс сахыхьэрти, къэспщытэрт: пщафIэхэм хъэлат хужьрэ пыIэрэ ящыгъын хуейт, къабзэу, крахмалыпс щIэгъэжарэ ету тедзауэ, Iэлъынрэ тхьэгъурэ ярылъу здэртэкъым. Къытхуашэ ерыскъымрэ ар зэрапщэфIымрэ къэзыпщытэ, кIэлъыплъ комиссэ къызэзгъэпэщат, узыншагъэр хъумэным и лэжьакIуэхэр, комбинатым и профкомым хэтхэр хиубыдэу. Сэ а гупым сраунафэщIт.

КъищынэмыщIауэ, буфет къызэIусхащ жэщкIэ лажьэу. Зы цIыхубз къэзгъэуващ жэщкIэ лажьэхэр зэдзэкъэн цехым къыщрихьэкIыну. А псори, дауи, Къудейм и нэIэ щIэтт. Сэри ди унафэщIым пщэфIапIэм щIэтхэмрэ ерыскъымрэ гулъытэшхуэ зэрыхуищIым сыщыгъуазэти, селIалIэрт. Уеблэмэ махуэшхуэхэм щытхъу тхылъкIэ ягъэлъапIэхэм ди пщафIэхэри хагъэхьат, апхуэдизкIэ арэзыт ди унафэщIри.

БжьыхьэкIэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ сагъакIуэрт, ди пщэфIапIэм илъэс псом щапщэфIыну хадэхэкIыр къесшэлIэн хуейуэ. КъепшалIэр Iуэхуныкъуэщ, ар зыщIэлъынрэ щыпхъумэнрэ уимыIэмэ. Ахэри едгъэщIащ. Комбинат пщIантIэм бэзэр цIыкIу къыщызэIутхат, ешауэ пщыхьэщхьэкIэ дэкIыж лэжьакIуэхэр абдеж хуиту щыщэхуэн папщIэ. Апхуэдэу, кIэртIоф тонни 10 зэуэ къыщетшэлIа щыIэщ.

ИлъэситI дэкIри, абы ипэкIэ сыщылэжьа зэгухьэныгъэм сраджэжащ. Ауэ Къудейм сиутIыпщыну хуейтэкъыми, комбинатым сыкъыщагъэнэну лъаIуэу яхуэтха щхьэкIэ, «Дэри дыхуэныкъуэщ абы» жаIэри, ядакъым.

Аращ сэ Чэрим сызэрыдэлэжьар, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Езыр цIыхуфIу, щабэу, набдзэгубдзаплъэу, гушхуэ кIуэцIылъу апхуэдэт. Псынэпсу къабзэт абы и гур. ЦIыхур Iуэхум дригъэхьэхыфырт, дэIэпыкъуфырт, шыIэныгъэ, хабзэ хэлът, зэпIэзэрытт, IуэхущIафэ дахэ иIэт.

Пашэ, гъуазэ, щапхъэ жыпIэмэ, Къудейм нэхъыфI бгъуэтынутэкъым, пэжыр пэжу щытын хуейщ. «Искож» хьэблэм общежитие зыбжанэрэ комбинатым и лэжьакIуэхэм иратыну унэхэмрэ щащIми, унафэщIу яхэтар Чэримщ.

Ар Хэку зауэшхуэм хэтащ, партизан гупым я унафэщIу щытащ, парт къулыкъу зэхуэмыдэхэри зэрихьащ. Мэлбахъуэ Тимборэ ицIыхурт, абы дэлэжьат. Къудей Чэрим къэралымрэ республикэмрэ хуилэжьам папщIэ Лениным и орденыр, Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэм и етIуанэ нагъыщэ орденхэр кърататт, медалхэри куэду иIащ. Хуабжьу сигу къоуэ абы и цIэр Налшык къалэм и зы уэрами зэрыфIамыщар.

Нобэр къыздэсым си нэгу щIэтщ абы и теплъэр. ЦIыху нэсым, Iущым и щапхъэу сигу къинауэ.

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Гуащэмахуэщ.

СССР-м хуэфащэт

США-м и 35-нэ президент Кеннеди и щхьэгъусэ Жаклинрэ КПСС-м и ЦК-м и УнафэщI Хрущёв Никитэ и щхьэгъусэ Нинэрэ япэ дыдэу зэрызэхуэзам теухуауэ хъыбар гъэщIэгъуэнхэр нобэр къыздэсым кърахьэкI.

1961 гъэм Хрущёв Никитэ Венэ кIуат США-м и президентым политикэ IуэхукIэ абы щыIущIэну. Мыбы щыгъуэщ унафэщIхэм я щхьэгъусэхэр щызэрыцIыхуари. США-мрэ СССР-мрэ шурэ лъэсрэ зэрызэхуэмыдэм хуэдэу а цIыхубзитIри зыкIи зэтехуэртэкъым, зэ IуплъэгъуэкIэ. Жаклин бзылъхугъэ лъагэт, псыгъуэт, модэм и иужьрей щIэщыгъуэхэмкIэ зыщыхуэпыкIат, щапхъэ зытрахырт. А тхьэIухудым елъытауэ, Хрущёвым и щхьэгъусэр губгъуэм къикIыжа, колхоз лэжьыгъэм иужьыгуа, къызэрыгуэкI къуажэ фызхэм хуэдэт. А зэIущIэм Нинэ зэрыкIуа «хъэлатым» и хъыбар куэдрэ кърахьэкIащ европей, америкэ газетхэм.

КъызэрыщIэкIамкIэ, Нинэ щыгъар къызэрыгуэкI «хъэлат щхъуэкIэплъыкIэтэкъым», атIэ къежьагъащIэ бостей-костюмт, шылэ лъэпсейм къыхэщIыкIарэ, Москва и дэрбзэр нэхъыфI дыдэм - Гупалэ Нинэ - хуидауэ. Хрущёвэр илъэс 60 хъуагъэххэт, Жаклин 32-рэ ирикъуауэ аркъудейт. КъапщтэмэИ, Нинэ ипхъу хуэдэт ар, я дахагъэкIэ зэбгъэпщэнуи къезэгъыртэкъым. Арами, псалъэмакъыр куэдрэ ужьыхакъым.

Журналистхэм зэуэ къагурымыIуами, хэзыщIыкIхэм ящIэрт Нинэ апхуэдизу «къызэрыгуэкIыу» щIыщытар. «Нинэ цIыху гуапэу уIуоплъэ, зэтетщ, цIыхуфIу фэ тетщ. ГъэщIэгъуэнщ абы и нэгу щIэкIа псом иужькIэ апхуэдэу зэпIэзэрыту къызэрызэтенар», - жаIэрт абыхэм. Жаклин, минрэ дахэми, теплъафIэми, модэм и псыпэхэшми, дагъуэншэу напэ къабзэми, ар зыцIыхухэм жаIэрт Кеннеди и щхьэгъусэр зэрызэкIуэцIылъыр, гу щIыIэу зэрыщытыр. Абы цIыхухэр гъунэгъуу зыбгъэдигъэхьэртэкъым, запыIуидзырт.

Нинэ апхуэдэтэкъым... Абы игурэ и щхьэрэ зэтелът, сыт хуэдэ зэIущIэми къыщаIэт Iуэхугъуэхэм хищIыкIырт, псалъэмакъыр хэти диIыгъыфырт, хузэфIэкIынумрэ зыхищIыкIымрэ ищIэжрэ абы и нэгур игъэнэхуу цIыхубз гуакIуэт. Ар хуиту зекIуэрт, и гур утIыпщауэ псалъэрт, цIыхум и нэгум хуиту иплъэрт. Нинэ зыцIыхуу щытахэм жаIэжырт ар хуабжьу гъэсауэ, хабзэ хэлъу зэрыщытар. Арат абы Америкэм и лIыкIуэхэр къызэрыдихьэхари.

Арагъэнущ Нинэ бостей дахэрэ сэхусэплъ лъэпсейхэмкIэ зигъэдахэу щIыщымытар. Ар хуэныкъуэтэкъым нэщыпхъуэ. Нинэ езыр дунейм нэхъ ин дыдэу тет къэралыгъуэ лъэщым хуэфэщэн гуащэт. Ар хуиту ирипсалъэрт инджылызыбзэм, франджыбзэм, полякыбзэм, украиныбзэм. Жаклин и щхьэгъусэм яужь иту, абы и ныбжь тридзэу щытамэ, Нинэ и щхьэгъусэм бгъурыту, абы и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу, хуэфэщэн пщIэрэ нэмысрэ къыхуищIыжу зэдэпсэуащ.

Хабзэншэ хабзэ

«Уей-уей» жыIэгъуэр нобэ куэдрэ зэхыдох. ПэкIухэм, дауэдапщэхэм, джэгухэм къекIуалIэ щIалэгъуалэм «Адыгэ, уей-уей!» жаIэ. Абы къикIымрэ къыздикIамрэ къагурымыIуэу языныкъуэхэр зоплъыж, зохъуцацэ, языныкъуэхэми яфIэфIыщэкъым, уеблэмэ зигу темыхуэххэ щыIэщ.

Сыт-тIэ, а псалъэм къежьапIэ хуэхъуар, къикIыр?

А упщIэм и жэуап дылъыхъуэу, дэ захуэдгъэзащ бзэм и лэжьакIуэхэм.

- «Уей-уей» жрегъэIэ жиIэмэ, псоми къащхьэщокI, псоми йофIэкI къикIыу аращ. Пасэрей адыгэр и хабзэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, хьэлщэнкIэ, и шымкIэ, и IэщэмкIэ адрей лъэпкъхэм зэрефIэкIыр ищIэжырти, и щэнхабзэмрэ и лъэпкъымрэ игъафIэу къигъэщIа псалъэщ ар. Уэрэдыжьхэми «уей-уей»-р междометие хуэдэу къыхохьэ, «уэрийда-дэ»-м ещхьу. Тхыдэджми щIэныгъэрылажьэми а псалъэм къежьапIэ хуэхъуар къыбжиIэфынукъым, апхуэдизкIэ зэман жыжьэм епхащи. КъищынэмыщIауэ, цIыхухъухэм къикIми емыгупсысыщэу къапсэлъ ар. Псалъэм папщIэ, «Уей, сымыщIэ!», «Уей, нобэ мэкъуауэ сокIуэм». Ар и щыхьэтщ а жыIэгъуэр адыгэм и лъым зэрыхэтым, - жеIэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ.

- IуэрыIуатэм къыдэгъуэгурыкIуа псалъэщ ар. Нарт эпосым илъэс мини 3 и ныбжьщи, апхуэдиз дыдэ мэхъу «уей-уей» жыIэгъуэри. «Уейуей жригъэIэу псэурт а нартыжьыр», - жыIэгъуэм, дыщрохьэлIэ IуэрыIуатэм. Псоми ефIэкIыу, псом нэхърэ нэхъ лъэщу, нэхъ цIэрыIуэу жыхуиIэу. Нобэ ди щIалэгъуалэм «Адыгэ, уей-уей!» жаIэурэ, джэгухэм къыщыхэкIиикIкIэ, апхуэдэ гупсысэщ щIалъхьэр. УрысыбзэкIэ жыпIэмэ, «Адыги, вперед, и только вперед!» кърагъэкIыу. Къыхэзгъэщыну сыхуейт апхуэдэ къыхуеджэныгъэхэр къэзыпсэлъу щытар лъэпкъышхуэу, лъэпкъ лъэщу, лъэрызехьэу зэман кIыхькIэ къэгъуэгурыкIуа, къэралыгъуэ зиIахэращ. Ар и щыхьэту къызолъытэ, дэ, адыгэм, зэгуэр «уей-уей» жедгъэIэу, къэралыгъуэшхуэу дызэрыпсэуам, - къыхегъэщ бзэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Бакъ Зерэ.

Абы нэс гурыIуэгъуэщ... Ауэ, къекIуу пIэрэ, Адыгэм и щыгъуэ махуэм, «Адыгэ, уей-уей!» жыпIэу укIиину?!

Илъэс къэскIэ, накъыгъэм и 21-м ирагъэкIуэкI пэкIум и пэ къихуэу, ди нэхъыжьхэм щIалэгъуалэм зыхуагъазэ а махуэр щэныфIэу, хабзэм тету ирахьэкIыну, «Адыгэ, уей-уей!» жаIэуи къыхэмыкIиикIыну, щыгъуэ махуэм ар къызэремыкIур къыхагъэщу. Ауэ щIалэгъуалэм ар къагурыIуэркъым, лъэбакъуэ ячыху «Адыгэ, уей-уей!» жаIэн хуейуэ къащохъу.

Щыгъуэ махуэм а жыIэгъуэр къызэрекIу-къызэремыкIум топсэлъыхь бзэ щIэныгъэхэм я кандидат, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Багъ Марьям:

- «Адыгэ, уей-уей!» жиIэмэ, пасэрейм зы гупсысэт зытрищIыхьыр. Нобэ абы къикIыр къагурыIуащэкъым, и купщIэри зыхащIэркъым. КъагурыIуэу щытатэмэ, ди лъэпкъым ишэча гуIэгъуэшхуэр дигу къыщыдгъэкIыж махуэм хьэлыншэнтэкъым, атIэ, я щхьэ ехьэхауэ, нэщхъейуэ уэрамым ирикIуэнт, пэкIум хэту. МыкIийуэ!!! «Бессмертный полк»-р уэрамым щрикIуэкIэ дыкIийрэ? Хьэуэ, сэ зэрысщIэмкIэ.

Адыгэм и IущагъымкIэ цIэрыIуэу щытащ, ауэ сэ схужыIэнукъым а Iущыгъэм и кIапIэр нобэ дымыутIыпщауэ. Армырамэ, нэхъыжьхэр къызэрыдэлъэIур дгъэзэщIэнт, «уей-уей»-кIэ я псалъэр къызэпидмыу-ду.

ЩхьэгъэпцIэжщ, зэгуэр къэралыгъуэ дызэриIам, лъэпкъ лъэщу, лъэрызехьэу дызэрыщытам дрипагэу, нобэ ди бгъэгум дызэреуэжыр. Къэралыгъуэр куэд щIауэ диIэжкъым, хабзэр хуэмурэ хьэгъуэлIыгъуэ тортым дыдоупщIатэ, ди бзэращи - дыхуейм деджэну, дыхуэмеймэ демыджэнурaщ. Нэхъыжьым кIэлъызехьапхъэ хабзэращи - абыхэм жаIэм емыдаIуэхэр, уеблэмэ ахэр зыгъэсэжыну хэтхэр ди зэманым мащIэкъым.

«Адыгэ, уей-уей!» къыхуеджэныгъэр щыжыфIэ хьэгъуэлIыгъуэм, гуфIэгъуэм, джэгум деж. ЗрифщIэж, зрифIэт. Ауэ... Щыгъуэ махуэм деж ар къекIуркъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● КIэщIу

ЩIыхуэ зытелъхэм ядэIэпыкъуркъым

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэ 1986-м субсидиехэр иратащ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм пагъэкIуэн папщIэ. Абыхэм щхьэкIэ щIыналъэ бюджетым къыхэкIащ сом мелуан 48-м щIигъу.

Субсидиехэр иратащ ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щIатыну щIыналъэм нэхъыбэ дыдэу щагъэува мардэм щIезыгъэгъуа е я псэупIэм и инагъыр, метр зэбгъузэнатIэкIэ къэбжауэ, щIыналъэ мардэм хуэкIуэ унагъуэхэм. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэм я фIыгъэкIэ, ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр цIыхухэм къатемыхьэлъэу ят. Мыдрейуэ, мыри къыхэгъэщын хуейщ: щIыхуэ зытелъхэм апхуэдэ гулъытэ хуащIыркъым.

Гулъытэ щагъащIэркъым

Пенсэм тIысыжауэ мылажьэу щысхэм щIыналъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр республикэм щрат икIи лэжьапIэ Iут цIыхур псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинум нэхърэ нэхъ мащIэ къызыхьхэм я ахъшэм худыщIагъу.

ИЛЪЭС блэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху 69 470-м я пенсэ ахъшэхэм хущIагъуащ икIи псори зэхэту а Iуэхугъуэхэм сом меларди 4-рэ мелуан 495-рэ хухахащ. Абыхэм щхьэкIэ лъэIукIэ зыми зыхуэбгъэзэн хуейкъым, ар компьютерым езым къыхех.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2026 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ди щIыналъэм щыпсэухэм я пенсэхэр зыгъэуври зытри УФ-м Пенсэхэмрэ социальнэ страхованэмкIэ и фондым и къудамэу КъБР-м щыIэрщ.

Псы къабзэ яIэрыхьэнущ

Аруан щIыналъэм и Мэрзэхъу къуажэм псы къабзэ зэрыкIуэ и бжьамийхэр къыщагъэщIэрэщIэж. ПэхуэщIэм ипкъ иткIэ псори зэхэту зы километрым нэблагъэ зи кIыхьагъ бжьамийхэр зэрахъуэкIынущ икIи, абы иужькIэ, къуажэдэс 1200-м зэпымыууэ псы къабзэ яIэрыхьэн щIадзэнущ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкIынущ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи абыхэм къыщагъэсэбэпынущ иджырей технологиехэмрэ материалхэмрэ.

Мазих пIалъэ яIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий къызыхэхъуа унагъуэм щIыналъэ пособиеу зэ тыгъуэ ахъшэхэр ират хабзэщ икIи нэгъабэ апхуэдэ гулъытэ хуащIащ унагъуэ 6253-м. Абыхэм иратащ псори зэхэту сом мелуан 26,5-м щIигъу.

АХЪШЭР кърaтын щхьэкIэ, сабийр дунейм къызэрытехьэрэ мазихым щIимыгъу щIыкIэ лъэIухэр ягъэхьын хуейщ. БынитI-щы зэуэ къызыхэхъуахэм дэтхэнэми хуэзэ ахъшэхэр щхьэхуэу хуагъэувынущ.

Къыхэдгъэщынщи, щIыналъэ пособием щхьэкIэ дэфтэрхэр КъБР-м и Перинатальнэ центрым щIалъхьэ хъунущ дяпэкIэ.

ЩIыIэми хуабэми щахъумэу

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ илъэс блэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIащ гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэгъэпэщыным, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, КъБР-м и районхэм ящыщу 6-м я щIыналъэ автомобиль гъуэгухэм я автобус къэувыIэпIэхэм иджырей павильону 80 щагъэуващ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, гъуэгум тет цIыхухэм я Iуэхухэр нэхъ тынш, хуабэмрэ щIыIэмрэ щыхъума хъуащ.

Къуажэдэсхэри хеубыдэ

2025 гъэм Бахъсэн щIыналъэм и цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къэрал, щIыналъэ пэхуэщIэ зыбжанэ районым щагъэзэщIащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, унагъуипщIым псэупIэхэр къащэхуащ е щIэуэ яухуащ. Ахэм псоми зэхэту сом мелуани 10-м щIигъу иратащ.

ГУЛЪЫТЭ зыхуащIахэм хиубыдащ ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэмрэ сабий сымаджэ зиIэ унагъуэхэмрэ. «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ къуажэхэм щыпсэу унагъуэхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Нартыху бзийм и щэхухэр

КъБР-м ЦІыхубэ ІэпщІэлъапщІагъэмрэ ІэпэІэсагъэмкІэ и центрым декоративно-прикладной гъуазджэм щыщ лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ, «Ремесел древних новизна» грант Іуэхум хыхьэу. Ар къызэрагъэпэщащ гъащІэр узыншэу ехьэкІыным телажьэ «Анна» валеологие клубым и щІыналъэ къудамэм хэтхэм, КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм и субсидие къэхьынымкІэ республикэ зэпеуэм зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ. Ар и жэрдэмщ клубым и унафэщІ Жиздюк Маринэ.

ІЭПЩІЭЛЪАПЩІЭ, егъэджакІуэ Мысачэ Верэ и унафэм щІэт ІэпэІэсэхэм утыку кърахьащ лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм лэжьыгъэ 70-м нэблагъэ къызэщІеубыдэр. Абы щыболъагъу гуащэхэр, удз гъэгъахэр, гъащІэм узыщрихьэлІэ теплъэгъуэхэр. Выставкэм зрезыгъэхьэлІахэм лэжьыгъэхэр ягу дыхьащ. ЖыпІэнурамэ, ІуэхущІапІэм и пэшыр ИлъэсыщІэ таурыхъым хуэдэт, абы щагъэува сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ телъыджэти.

Іуэхур къыхалъхьащ ди нэхъыжь ІэпщІэлъапщІэхэм я зэфІэкІыр къызэкъуахын, дэзыхьэх лэжьыгъэм нэхъри трагъэгушхуэн, я щыІэкІэпсэукІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэІуихащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Текуев Амурбий. Абы жиІащ республикэм щыпсэу, зэфІэкІ зиІэ нэхъыжьыфІхэм я лэжьыгъэ щІэщыгъуэхэм япэу зэрызыхигъэгъуэзар, РАХ-м и президент Церетели Василий ди щІыналъэм къыщыкІуам Художествэхэмкіэ академием и къудамэ ди щІыпІэм къыщызэІуахын зэрыхуейм и гугъу зэращІар, республикэм ис щІалэгъуалэм ІэпэІэсагъэмкІэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтыну Іэмал яІэн папщІэ. Текуев Амурбий гъэлъэгъуэныгъэм хэт ІэпщІэлъапщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ, пасэрей цІыхубэ ІэщІагъэ дахэр зэрахъумэмрэ я ІэдакъэщІэкІхэр зэрыкупщІафІэмрэ папщІэ.

Выставкэм зыкърагъэхьэлІащ КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Куэцэ Эльбердрэ а къудамэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэ Шевченкэ Аллэрэ. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ зи лІыкІуэ министерствэм Іуэху гъэщІэгъуэн куэд цІыхухэм зэрадиІыгъыр, псэгъэгуфІэ-дахагъэ зыхэлъ мы зэхыхьэри абыхэм зэращыщыр. Зэхуэсахэм абыхэм ягу къагъэкІыжащ къэралым ис нэхъыжьхэм я гъащІэр нэхъ кІыхь ящІыным, ядэІэпыкъуным тележьэну УФ-м и Президентым и унафэмкІэ пщэрылъ къызэрыщищІыр. Выставкэр зи жэрдэмым, ар къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ фІыщІэ хуащІащ, я ехъулІэныгъэхэм зэрыригушхуэри дыщІагъужащ.

Мысачэ Верэ къытеувыІащ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа хьэпшыпхэм ящыщ куэд къызыхащІыкІа нартыху бзийр тхылъымпІэмрэ щэкІымрэ хуэдэу зэрыгъущэм икІи ар мащІэу «зэрыткІийм», псы тІэкІу лъэбгъэІэсмэ, «жыІэдаІуэ» зэрыхъум. Пасэм абы кІапсэхэр, матэхэр, арджэнхэр, сабий вакъэхэр къыхащІыкІыу, абджыпс хьэпшыпхэм ар кърашэкІыу щытащ. Иджырей ІэпщІэлъапщІэхэм нартыху тхьэмпэхэр къагъэсэбэпурэ гъуазджэ лэжьыгъэхэр ящІ.

КъБР-м ЦІыхубэ ІэпщІэлъапщІагъэмрэ ІэпэІэсагъэмкІэ и центрым и унафэщІ Урыс Аслъэни арэзы техъуащ нартыху бзийр лэжьыгъэ щІэщыгъуэхэр къыхащІыкІыну Іэмал зэраІэр, абыхэм щІэупщІэр зэрыкуэдыр, апхуэдэ хьэпшып зыбжанэкІэ я центрыр игъэдэхэну зэримурадыр.

- КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэ я фІыгъэкІэ, Мысачэ Верэ щылэжьэну, ІэпщІэлъапщІагъэм щыхуигъэсэну пэш хухахынущ. Абы екІуалІэ хъунущ пенсэм кІуа нэхъыжьхэр, апхуэдэ лэжьыгъэм гупыж хуэзыщІ псори. Абы сурэтхэр, алэрыбгъухэр, нэгъуэщІ гъуазджэ лэжьыгъэхэр щащІыну Іэмал яІэщ, - жиІащ Урыс Аслъэн. - Къапщтэмэ, иджыпсту унэтІыныгъэ 12-м худогъаджэ. Абыхэм ящыщщ лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмрэ вакъэхэмрэ дыныр, дыщэкІ ІэщІагъэр, хьэпшыпхэр пхъэм къыхэІущІыкІыныр, нэгъуэщІхэри. Ди лэжьыгъэр зыхуэунэтІар Налшык дэсхэм я зэманыр гъэщІэгъуэну икІи щхьэпэу ягъэкІуэнырщ.

Жиздюк Маринэ и псалъэм къыхигъэщащ я зэфІэкІхэм хагъэхъуэну зэрамурадыр. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтахэм щІыхь тхылъхэмрэ сертификатхэмрэ иратащ. Зэхыхьэр ягъэдэхащ икІи абы зыкърезыгъэхьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыІакІуэ-макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ еуэ «Поющие укулеле» гупым, уэрэджыІакІуэ Шэрий Маринэ, артист Дым Елдар.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ІэщІагъэм и фІагъыр зэхащІыкІмэ...

Лосэн Хьэмидбий КъБКъУ-м электроникэмкІэ, робототехникэмрэ зэхэщІыкІ ІэрыщІымкІэ и институтым электроникэмрэ бжыгъэ технологиехэмкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьщ. И ІэщІагъэм епха щІэныгъэ лэжьыгъэу 40-м нэс итхащ, компьютерым, интернет бджыхъым, зэхэщІыкІ ІэрыщІым теухуауэ гупсысэ щІэщыгъуэхэр къыщигъэлъагъуэу. ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ щІалэм иригъаджэхэр зэпымыууэ зэпеуэхэм хэтщ, ехъулІэныгъи яІэщ. Зыщылажьэ университетым абы мызэ-мытІэу къыхуигъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Лосэным и ІэщІагъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ, псом хуэмыдэу нобэ - интернетым утыку зыкъыщищІыпа зэманым. Хьэмидбий къедгъэблагъэри, зыпэрыт лэжьыгъэхэм тедгъэпсэлъыхьащи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ къыджиІам.

- Уи лэжьыгъэм ухуэкІуа зэрыхъуам и гугъу уэзгъэщІынут, Хьэмидбий.

- 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым микроэлектроникэмрэ компьютер технологиехэмкІэ и къудамэр къэзухащ. Нобэ а къудамэм и фІэщыгъэр нэгъуэщІщ: «ЭлектроникэмкІэ, робототехникэмрэ зэхэщІыкІ ІэрыщІымкІэ институт». Мис абы и зы кафедрэм сыщолажьэ. Ассистенту къыщІэздзащ, нэхъ иужькІэ егъэджакІуэ нэхъыжь сыхъуащ.

- Студентхэм я еджэкІэр сыт хуэдэ? ЩІэныгъэм хуэпабгъэрэ, библиотекэхэм кІуэрэ?

- Пэжым ухуеймэ, библиотекэхэм щІэсырейкъым ди студентхэр. Ауэ абы къикІыркъым ахэр фІыуэ емыджэу - интернетым и Іэмалхэр хъарзынэу къагъэсэбэп. Студентхэм уазыхутепсэлъыхь Іуэхур къагурыІуэныр нэхъыбэу зэлъытар егъэджакІуэрщ. НыбжьыщІэхэр щІэныгъэм зэрыдебгъэхьэх хъуну Іэмалхэр умыбэлэрыгъыу къэбгъэсэбэпыпхъэщ, абыхэм уадэлэжьэныр къыхэпхамэ. Псалъэм папщІэ, дэ къытхуохуэ дерсым хухаха зэманыр къыщыдэмэ-щІэкІ. Дихьэхауэ студентхэм зэпкърах Іуэхугъуэхэр зэпыдгъэун хуей мэхъу, ауэ абыхэм я гупсысэр жан щІыкІэ ар яджмэ нэхъыфІщ. Апхуэдэхэм деж яжызоІэ телефонымкІэ зыкъыспащІэм зыщІэупщІэхэм жэуап естыну сызэрыхьэзырыр.

Япэ курсым щІэсхэр сытым дежи гулъытэрэ чэнджэщрэ нэхъ хуэныкъуэщ. Абыхэм нэсу зэкІэ къагурыІуэркъым еджэныр зэрекІуэкІ щІыкІэхэмрэ Іэмалхэмрэ, дерсхэм я мыхьэнэр, лекцэм хуаІэн хуей бгъэдыхьэкІэр. Мис а псом сахутопсэлъыхь, щІэныгъэм и мыхьэнэр къагурызгъаІуэу, еджэным тезгъэгушхуэу. Псом нэхъыщхьэу зыхезгъэщІыкІыну сыхущІокъу къыхаха ІэщІагъэм и фІагъыр, абы сытым дежи щІэупщІэ зэриІэнур, щІэкъузауэ еджэмэ, лэжьыгъэ ІэнатІэ тэмэми зэрагъуэтынур. Щапхъэу къахуэсхьын сфІэфІщ ехъулІэныгъэхэр яІэу ди къудамэр къэзыухауэ щІэныгъэм и пІалъэр зыщІэ, ІэнатІэфІхэр зыгъуэта ІэщІагъэлІхэр.

- Уи ІэщІагъэм теухуауэ узыхэта Іуэхугъуэхэм нэхъыщхьэу зыгуэр къахэбгъэщхьэхукІыфыну?

- Владикавказ щыІэщ дэ дызыдэлажьэ технологие центр. Абырэ ди университетымрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІауэ я щапхъэлэжьыгъэхэр къэтхьурэ, я пІалъэр зэдгъащІэурэ едгъэхьыжырт. Ар щапхъэ тхуэхъури, 2008 гъэм, си дипломым сыщелэжь зэманым техуэу, ди кафедрэм япэу къызэригъэпэщат къэрал зыбжанэм я лІыкІуэ зыхэта щІэныгъэ-техникэ конференц. Іуащхьэмахуэ лъапэ деж ди университетым егъэджэныгъэ-щІэныгъэ ІуэхущІапІэ щиІэщ. Иджы абы илъэс къэс щокІуэкІ апхуэдэ зэхыхьэ. Конференцым кърагъэхь щІэныгъэ тхыгъэхэр зэрагъэзахуэ ди кафедрэм и лэжьакІуэхэм, тхылъу къыдыдогъэкІ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІ щІэныгъэ зэхуэсхэм дошэ магистратурэм щеджэ ди студентхэр. Абыхэм щІэныгъэ лэжьыгъэ пхагъэкІын хуейуэ къапэщылъщи, конференцым щыжаІэхэмрэ щагъэлъагъуэхэмрэ кууэ къахуосэбэп. Абыхэм нэмыщІ ди къудамэм щеджэхэм я гъэсэныгъэм, курыт еджапІэхэм щІэсхэм я ІэщІагъэр къыхахынымкІэ сэбэп яхуэхъуным ехьэлІа лэжьыгъэ егъэкІуэкІыныр пщэрылъ къысщащІащи, абы теухуауэ олимпиадэхэр, зэпеуэхэр, дерсхэр, зэІущІэхэр идогъэкІуэкІ. Курыт еджапІэхэм дыкІуэурэ ди къудамэм къыщІэтІысхьэмэ, щагъуэтыну щІэныгъэмрэ Іэмалхэмрэ дахутопсэлъыхь еджакІуэхэм.

- Ди зэманым псом хуэмыдэу къагъэсэбэп зэхэщІыкІ ІэрыщІым и Іэмалхэр, интернет программэ гугъухэр. ЗэхэщІыкІ ІэрыщІыр гъащІэм къызэрыхэувэм теухуауэ сыт жыпІэнт?

- ЗэхэщІыкІ ІэрыщІ жыхуэтІэр сыт хуэдэ ІуэхущІапІэми къыщосэбэп. Ауэ зэраныгъэ къимышэуи схужыІэнукъым. Иужьрей илъэс зыщыплІым щІэпхъаджащІэхэм ерыщу къагъэсэбэп хъуащ ар. Псалъэм папщІэ, уи цІыхугъэ гуэрым и макъ зэрагъэпэщу къопсалъэу уагъэжакъуэфынущ. Мис апхуэдэ къызэрыхъур ди благъэ-Іыхьлыхэми, ныбжьэгъу-жэрэгъухэми къагурыдгъэІуапхъэщ.

- Университетым, уи студентхэм, щІэныгъэм теухуауэ нэхъ узыгъэгушхуэу Іуэхугъуэ гуэрхэр щыІэу къыщІэкІынщ...

- ИлъэситІ япэ си деж диплом лэжьыгъэ гъэщІэгъуэныщэ зы пщащэм щитхат, «Унэ губзыгъэ» жыхуэтІэм теухуауэ. Ар фІы дыдэу пхигъэкІащ, дауи, тху къихьащ. ЕджапІэр къэзыухахэм я диплом лэжьыгъэхэм щыхэплъа урысейпсо зэпеуэ Мэзкуу щекІуэкІати, хъыджэбзым и лэжьыгъэр абы едгъэхьри, япэ увыпІэр къихьащ. Уи еджакІуэм апхуэдэ зэфІэкІ къыщигъэлъагъуэм деж икъукІэ ущогуфІыкІ, сэри гуапэ сщыхъуащ ныбжьыщІэм и щІэныгъэ хэлъэтыр.

Ди университетым жиІэу илъэс къэс иригъэкІуэкІ «Стартап» зэпеуэ щхьэпэм, ди кафедрэм къыбгъэдэкІыу студентищ хэдгъэхьэ хабзэщ. Ар нэхъапэкІэ щымыІауэ щІэщыгъуэу икІи щхьэпэу зыгуэр къыщыгъэлъэгъуа щІэныгъэ лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ зы Іуэхущ. Ари егъэлеяуэ ІэмалыфІщ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр къэхутэным теухуауэ.

- Упсэу, Хьэмидбий! ЩІалэгъуалэм я гур щІэныгъэм къыхуэбгъэушыным нэхъ ІуэхуфІ щыІэу къыщІэкІынукъыми, фи мурадхэр къывэхъулІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

●ЩІалэгъуэ

Пэрытхэр студентхэм яхохьэ

Иджыблагъэ Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІащ КъБР-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ щІэсхэм я зэІущІэ. Зи зэфІэкІхэмкІэ, жыджэрагъкІэ, ІуэхущІафэкІэ адрейхэм къахэщхьэхукІ, гъуазэ хъуну хэлъэт зиІэхэр гъуэгу захуэ тегъэувэным, ахэр щІалэгъуалэм пашэу хэту егъэсэным хуэунэтІа Іуэхур къызэригъэпэщащ «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм».

«ПЭРЫТХЭМ я зэщІэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и даурэдапщэхэр къызэзыгъэпэщ Чочаевэ Марьям къыхилъхьа «Пэрытхэр 2.0» Іуэхум щыщщ мы зэІущІэр.

- Зи гугъу тщІы лэжьыгъэр Урысейм и щІалэгъуалэ къэрал ІуэхущІапІэм и мылъкукІэ дубзыхуащ. «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» сыхыхьа къудейуэ си пщэ къыдалъхьауэ щытащ зы Іуэхушхуэ, «Пэрытхэр» зыфІэтщар. Ар курыт еджапІэм щІэсхэм хуэщІат, егъэджэныгъэми епхат. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым абы къетшэлІащ еджакІуэхэри студентхэри. Мис абы щыгъуэ нэрылъагъу тщыхъуащ ди щІыналъэм и студентхэм гулъытэ зэрамыгъуэтыр, абыхэм нэхъыбэу ядэлэжьэн зэрыхуейр, - жиІащ Чочаевэм.

ЗэІущІэм хэта студентхэр «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» хагъэхьам и закъуэ мыхъуу, дэтхэнэми зэІущІэм зыкъыщигъэлъэгъуэну Іэмал иІащ: абыхэм ягъэхьэзыращ утыку зэрихьэ, гупым зэрызрагъэцІыху видеотеплъэгъуэхэр.

Иджыри зы щІэщыгъуэ хагъэхьащ Іуэхум. Нэхъапэм къызэгъэпэщакІуэхэр зэщІэхъееныгъэм щыщхэрауэ щытамэ, иджы Іуэхум ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м и вожатэхэри. Ахэр гупхэм я унафэщІу щытащ, зыгъэпсэхугъуэм деж щІалэгъуалэм я нэгу зэрызрагъэужь Іэмалхэр я пщэ дэлъащ.

ЗэІущІэм щагъэлъэгъуащ абы хэта цІыху 80-м я проектхэр. Гулъытэ нэхъ зыхуащІахэм, къыхагъэщхьэхукІахэм ящыщщ сабий зеиншэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щащэ жармыкІэ Абхъазым и утым деж къызэгъэпэщыныр. Ар къыхэзылъхьар медицинэмкІэ колледжым и 2-нэ курсым щІэс Балэ Темболэтщ. ЩІалэм зэрыжиІамкІэ, ар езым и закъуэ иубзыхуа лэжьыгъэкъым, атІэ цІыху 15-м я акъылзэхэдзэщ.

- Зи гугъу сщІы жармыкІэр Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м щІэсхэм папщІэ едгъэкІуэкІыну дыхуейщ. Ар ди закъуэкІэ зэфІэха зэрымыхъунур къыдгуроІуэри, Іуэхум къыхэтшэну дыхуейт «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» и щІыналъэ къудамэри, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ министерствэри, хьэрычэтыщІэхэри. Сабийхэм езым ягъэлъэгъуэнущ икІи ящэнущ я ІэдакъэщІэкІхэр, сату щІэным и хабзэхэм зыщагъэгъуазэу, цІыхухэм ядэуэршэру, цІыхубэм зэращыщыр зыхащІэу, - жиІащ Балэм.

- Догугъэ мы Іуэхум студентхэри къыхэтшэну. Къыхэгъэщыпхъэщ: гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщІар къуажэ пхыдзахэм къикІа щІалэгъуалэрщ. ЩІэныгъэмрэ техникэмрэ зыщауж, гъащІэм ІэмалыфІхэр къыщыдит зэманщ дыщыпсэур. Ар къэдгъэсэбэпу ди щІалэгъуалэм я гур утІыпщауэ, тегушхуауэ утыку итыным, ІуэхуфІхэм зрапщытыным хуэдгъэсэнырщ дызытелажьэри, зэдгъэхъулІэну яужь дитщ, - игъэбелджылащ Марьям.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэралым щынэхъыфІхэм хабжэ

Урысей Федерацэм цІыхухэм я шынагъуэншагъэр нэхъыбэу икІи нэхъыфІу къыщызэгъэпэща и щІыналъэхэм ящыщ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. «РИА Новости» хъыбарегъащІэ ІэнатІэм иджыблагъэ зэхигъэува рейтингым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, УФ-м и МВД-мрэ Росстатымрэ я хъыбархэм ятещІыхьауэ, щІыналъэхэм щалэжь щІэпхъаджагъэхэр зэрыщынэхъ мащІэмкІэ ди республикэм еплІанэ увыпІэр къэралым щиІыгъщ.

КЪАПЩЫТЭЖ пІалъэм къриубыдэу КъБР-м и цІыху мини 10 къэс хуэзэу щІэпхъаджагъэу 69,2-рэ щалэжьамэ, къэралым а бжыгъэр ику иту 121-рэ щохъу, икІи нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процентри 9,6-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ ди республикэм.

Апхуэдэуи, щІыналъэхэм щалэжь щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ зэрыщынэхъ мащІэмкІи Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щынэхъыфІхэм хохьэ. Мыбдежым а бжыгъэр зэрыхъур 27,2-рэщ, къэралым - ику иту 43-рэ. Рейтингым япэ увыпІэр щиІыгъщ Шэшэным, етІуанэ, ещанэхэр Ингушымрэ Дагъыстэнымрэ.

Къэпщытэныгъэхэм къагъэлъагъуэ щІыналъэхэм щалэжь щІэпхъаджагъэхэмрэ гъащІэ узыншэ езыхьэкІ цІыхухэмрэ я куэдагъымрэ зэрызэпыщІар. ЖыпІэнурамэ, спортымрэ физкультурэмрэ гулъытэ нэхъыбэ щыхуащІ, цІыху нэхъыбэ абыхэм къыщыхашэ щІыналъэхэм щІэпхъаджагъэхэр щынэхъ мащІэщ. Къыхэдгъэщынщи, къэралым абыкІэ щынэхъыфІитхум Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Джэдыкъуэ Плъыжьым» зыІэпешэ

2025 гъэм Урысей Федерацэм шыкІэ гъуэгуанэ кІыхьхэр зэпычыным хуэунэтІауэ щрагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэхэм я нэхъыбэр щызэхэтащ Бахъсэн къалэ округым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм и «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы спорт комплексым. ЩІыналъэ, дунейпсо зэпеуэу 9 абы щызэхашащ илъэс блэкІам икІи къэрал пщІырыпщІым я шууейуэ 728-м я зэфІэкІхэр абы щагъэлъэгъуащ.

«ДЖЭДЫКЪУЭ Плъыжьым» нэгъабэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм абыхэм рекорд зыбжанэ щагъэуващ. Псалъэм къыдэкІуэу, 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 25 - 27-хэм Урысейм и Кубокыр къэхьыным хуэунэтІауэ абы щекІуэкІа зэпеуэм шуейуэ 126-рэ хэтащ. Абы ипэкІэ ди къэралым и апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм апхуэдиз шуей гуп зэуэ зэи хэтакъым.

А зэхьэзэхуэм километри 120-рэ, 160-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэхэр шыкІэ зэпычынымкІэ екІуэкІа зэпеуэхэм япэ увыпІэхэр къыщахьауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэу Махуэхэ Мухьэмэдрэ («Наутилус ФХ» шым тесу) Ахьмэдрэ («Дамэ» шым тесу).

Нэгъабэ шыщхьэуІум и 23-м «Ladies Endurance Cup» фІэщыгъэр зэрихьэу цІыхубзхэм я зэхьэзэхуэ абы щекІуэкІати, япэ увыпІэр зэпеуэм щиубыдащ КъБР-м щыщ Васильевэ Екатеринэ, «Водевиль» шым тесу. Ди лъахэгъу бзылъхугъэм псоми япэ зэпичат километри 100 зи кІыхьагъ гъуэгуанэр.

Апхуэдэуи, илъэс блэкІам «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы спорт комплексым япэу щрагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъ чемпионат зэІуха, ар икІи дунейпсо зэхьэзэхуэу щытащ. Абы хэтащ къэрал 19-м я шуейуэ 120-рэ. Апхуэдиз къэралым я лІыкІуэхэр ди республикэм япэу щыІауэ аращ.

Къимыдэкlэ, 2026 гъэм «Джэдыкъуэ Плъыжьым» шыкІэ гъуэгуанэ кІыхьхэр зэпычыным хуэунэтІауэ зэІущІэу 10-м нэблагъэ щрагъэкІуэкІынущ икІи абыхэм кърагъэблэгъэнущ УФ-ми дуней псоми щыцІэрыІуэ шуей нэхъ лъэщхэр.

БЭБЭЧ Башир.

● Тхэквондо

Блым щыщу тхур дыщэу

Урысейм ТхэквондомкІэ и зэгухьэныгъэм и президентым и Кубокыр къэхьыным хуэунэтІа къэралпсо зэхьэзэхуэ Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэ Черкесск щекІуэкІащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щІыналъэ 32-м я спортсмен, щІалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 1200-м щІигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ехъулІэныгъэфІхэр щаІащ КъБР-м и командэм, уеблэмэ Кэнжэ къуажэм дэт «Пят колец» спорт академием и гъэсэнхэм медалиблым щыщу 5-р къахьащ, псори дыщэу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекІуащ Іусенхэ Къамболэтрэ Русланрэ, Къэзанш Къасболэт, Бицу Къантемыр, Тхьэмокъуэ Элинэ сымэ.

Домбеякъ медалхэр къахьащ Степан Валерэрэ Уэзрокъуэ Ислъамрэ.

Командэм дэлажьэхэр Ахъмэт Амир, Унэжокъуэ Абдельджэбар, Уэзрокъуэ Анзор, Тикаев Индрис сымэщ.

КЪУЭЖЕЙ Іэмин.

Сурэтым: **Къэзанш Къасболэтрэ Іусен Къамболэтрэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтдехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №83
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Елмэс ФатІимэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.)*.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.